# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–05 नवम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रदेस क सज्जो चार सौ तीनि विधानसभा क्षेत्र में तीनि–तीनि लघु सेतुअन के बनावे क निरदेस दिहले हवे। उहां के कहलीं कि सहरी क्षेत्र में क्षतिग्रस्त अउर सकरा सेतुअन के जगहिन पर नया सेतु बनावल जाव। उहां के लोक निर्माण विभाग के अधिकारियन के निरदेस दिहले के सज्जों धरम, संप्रदाय आ पंथ, क धार्मिक अउर पौराणिक जगहिन के बढ़िया सम्पर्क राह से जोड़ल जाव। मुख्यमंत्री धिरवनिया दिहले हवे कि परियोजनन में गड़बड़ी भइलें पर अवर अभियंता से लेके मुख्य अभियंता ले जवाबदेही तय कइल जाव। मुख्यमंत्री काल्हि लखनऊ में अपने सरकारी निवास पर लोकनिर्माण विभाग क परियोजनन क समीक्षा करत रहलें। उहां के कहलीं कि समझौता क पालन ना करे वाला कंपनियन के ब्लैक लिस्ट कइल जाव। विकास कारयन क लाभ सज्जों पचहत्तर जिला के मिले के चाही। श्री योगी अन्तर्राष्ट्रीय और अन्तर्राज्यीय सीमा पर बनि रहल मैत्री द्वारन का निर्माण जल्दिये पूरा कइले क निरदेस दिहले हवे। उहां के कहलीं कि सज्जों विभानसभा क्षेत्र के खास जिला मार्ग के कम से कम दुइ लेन आ अउरियों जिला मार्गन के डेढ़ लेन ले चौड़ा कइल जाव।

**********

सर्वोच्च न्यायालय उत्तर प्रदेस मदरसा शिक्षा बोर्ड अधिनियम–दुइ हजार चारि क संवैधानिक वैधता बरकरार रखले हवे। भारत क मुख्य न्यायाधीश डी वाई चन्द्रचूड आ न्यायमूर्ति जे बी पारदीवाला अउर मनोज मिश्र क खण्डपीठि बाइस मार्च के इलाहाबाद उच्च न्यायालय के ओह फैइसिला के रद्द कइ दिहलस जेह में येह अधिनियम के असंवैधानिक अउर धर्मनिरपेक्षता के सिद्धानतन के खिलाफ घोषित कइले रहल। उच्च न्यायालय क येह व्यवस्था के हिसाबि से उत्तर प्रदेस में मदरसा काम करत रहिहें अउर सरकार के सैक्षिक मानक तय कइले क अधिकार होई।

**********

नेता प्रतिपक्ष अउर रायबरेली सांसद राहुल गांधी आजु अपने संसदीय क्षेत्र में तिरपन करोड़ सड़सठ लाख रूपिया क लागत से बनल नौ गो सड़किन क लोकार्पण कइलें। ई सड़किन प्रधानमंत्री ग्राम सड़क योजना से बनावल गइल हवे। येह से पहिले राहुल गांधी लखनऊ–रायबरेली सीमा पर बनल चुरूआ हनुमान मंदिर पहुंच के दरसन पूजन कइलें। सथहीं रायबरेली क फिरोज गांधी डिग्री कॉलेज चौराहा पर बनल सहीद चौक क उदघाटनो कइलें।

**********

प्रदेस क नौ विधानसभा सीटिन पर हो रहल उप चुनाव खातिर आजु बसपा स्टार प्रचारकन क सूची जारी कइ दिहलस। येह सूची में बसपा प्रमुख मायावती अउर सतीश चन्द्र मिश्र के सथहीं चालीस गो नाव सामिल हवे। प्रदेश में गाजियाबाद, मीरपुर, कुन्दरकी, खैर, करहल, सीसमऊ, फूलपुर, कटेहरी अउर मझवां सीटिन पर उप चुनाव होखे के हौ। एकरे बदे पहिले तेरह नवंबर के मतदान क तारिख तय रहल बाकिर भारत निर्वाचन आयोग एके बदलि के अब बीस नवंबर कई दिहले हवे।

**********

केंद्र सरकार जरूरी खाद्य पदार्थन क कीमति के स्थिर रखले के साथे–साथे किसानन के उचित दाम सुनिस्चित करे बदे कई कदम उठवले हवे। येही क्रम में उपभोक्ता, खाद्य अउर सार्वजनिक वितरण मंत्री प्रहलाद जोशी आजु नई दिल्ली में भारत ब्रांड चावल अउर आटा योजना के दुसरका फेरा क उद्घाटन कइलें, जेहमें चाउर चौंतीस रूपिया अउर आटा तीस रूपिया प्रतिकिलो के दर पर मिली। ई योजना प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुआई में खाद्य सामर्थ्य बढ़ावे बदे सुरू कइल गइल हौ।

**********

महाकुंभ दुइ हजार पचीस के भव्य अउर सुरक्षित बनावे के ले के तइयारी जोरिया गइल हौ। बड़हन संख्या में सरधालु ट्रेन से प्रयागराज पहुंचिहें, अइसन में रेलवे स्टेसन के भित्तर अउर बहरे दुन्नो जगहिनि पर सुरक्षा क कड़ेर इंतिजाम कइल जा रहल हौ। प्रयागराज रेल मण्डल प्रसासन की ओरि से महाकुंभ के दौरान रेलवे स्टेसनन पर सुरक्षा खातिर पहिली बेरि सीसी टीवी कैमरन के सथहीं एफआर कैमरो लगावल जा रहल हौ, जवन आर्टिफिसियल इंटेलिजेंस यानी एआई के मददि से संदिग्ध गतिविधियन आ अराजक तत्व पर नजरि रखले में कारगर हौ।

**********

**नहाय खाय** के सथहीं सूर्योपासना क चारि दिन ले चले वाला महापरब छठ आजु से सुरू हो गइल। तिउहार के ले के प्रदेस क सज्जो जिलन में खास तौर से पूरबी जिलन में तइयारी आखिरी फेरा में हौ। नदियन अउर तलाबन के घाट क साफ–सफाई कइल गइल हौ। अस्थाई तौर पर बनावल गइल पोखरन के लग्गे साफ–सफाई अउर रोसनी क इंतिजाम कइल गइल हौ। छठ परब के ले के बजारिन में चहल–पहल बढ़ि गइल हौ। बजारन में तिउहार से जुड़ल लोकगीति सुनाई दे रहल हवे। छठ पूजा से जुड़ल समान खातिर कई जगहिनि पर अलगि से दोकानि लगावल गइल हौ। बिहने खरना हौ। येह दिन्ने बरत रक्खे वाले आंसिक उपास रखिहें। सात नवम्बर के बरत करे वाले डूबत सुरूज के अउर सुक्क के उग्गत सुरूज के अरघा दिहले के सथहीं बरत के पूरा करिहें। छठ महापरब के ले के सुरक्षा क कड़ेर इंतिजाम कइल गइल हौ। सज्जो जिला में प्रसासन, पुलिस अउर नगर निगम क अधिकारियन के सतर्क रहले क निरदेस दिहल गइल हौ।

**********